



Federasyon Entènasyonal Kominote Lach yo

Manda pou lane 2023-2028

Nou kwè nan pouvwa relasyon ki ka transfòme ki genyen nan mitan moun k ap viv osnon ki p ap viv ak yon andikap entelektyèl. Lavi n ap viv jounen jodi a gen plis sans, men tou li chaje ak defi pase tout lòt tan ki pase yo.

Anndan kou deyò kominote nou yo, nou gen pou devwa ranfòse tout sa ki fè n ap viv ansanm tankou - kominote ak lavi esprityèl, kontak ak moun ki pa nan kominote nou yo, ak posibilite pou grandi .

Òganizasyon Lach la nan yon kafou istorik nan istwa li. Travay Komisyon Etid la ap chanje sa nou te konprann de listwa pase nou, pi devan sa dwe chanje fason nou te konn travay. Kòm manm Federasyon an, nou chak aple pou nou pran responsablite misyon òganizasyon an ak plis matirite.

1. Rann gouvènans ak otorite pi klè

Pi gwo priyorite nou pou manda sa a se fè sa pi klè sou ki moun ki gen otorite nan ki nivo, ki jan lidèchip la fonksyone, ak ki jan lidè yo responsab pou misyon an. Revize ak pi byen konprann konstitisyon an pral ede nou reyalize sa.

2. Grandi nan fason n ap viv ak pataje misyon nou ak rès mond lan

Angaje ak mond ki antoure nou an, nan kolaborasyon ak lòt òganizasyon, gwoup moun ak moun an patikilye, ap mennen nou kote nou pa t atann ak nouvo fason nou eksprime nou nan òganizasyon Lach la. Sa enpòtan anpil pou nou grandi, sa ka pran plizyè fòm tankou apwofondi esprityalite nou, ogmante konpetans nou, pran kontak ak lòt moun, oswa menm mete sou pye yon nouvel fondasyon. Vwa ak kontribisyon moun k ap viv ak yon andikape se kolòn vètebral jan nou angaje nou nan mond lan.

3. Entegre Konstitisyon an

Konstitisyon an ankouraje valè ak pratik debaz nou yo, l ap tounen yon zouti pou renouvle esprityalite nou ak lavi nan kominote nou yo. Fè Konstitisyon an tounen yon pati nan lavi nou ansanm ap ba nou zouti pou reponn ak misyon nou epi mete nou sou menm nivo ak aksyon n ap poze ak vizyon nou.

4. Kolabore nan ranmase lajan

Li esansyèl pou nou konprann reyalite lajan k ap sikile atravè Federasyon an, epi bati yon konsansis sou wòl òganizasyon Lach entènasyonal ak chak lòt peyi k ap chèche epi distribye lajan. Nou ka fè resous nou genyen yo dire plis tan lè nou tout pran responsablite ansanm, epi fè ranmase lajan tounen yon Pratik nan misyon nou nan tout nivo.

5. Ranfòse rezo òganizasyon Lach la

Ankouraje relasyon atravè rejyon, peyi ak kilti nan òganizasyon an ap pèmèt nou pataje sajès ak bon pratik, rezoud pwoblèm ansanm, epi aprann de erè nou yo. Koneksyon sa yo ap pèmèt nou gen yon vizyon ki pi laj, epi ede nou pi byen konprann jan solidarite ak responsablite nou pou federasyon an kontinye rete kanpe.